



**Built to Lead**

Pou piblikasyon imedyat: 6/28/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LIY DIRÈK KONSOMATÈ POU AKSEPTE RAPÒ  
“PWOPRIYETE ZONBI” NAN ETA A**

***Kreye yon Rejis Elektwonik Pwopriyete Vid pou Fasilite Reparasyon yo***

***Eleman Kle Lejislasyon Dinamik pou Elimine Epidemi Kay ki Abandone nan Eta  
New York***

***Nou Ankouraje Moun New York pou yo rele nimewo (800) 342-3736 pou yo Rapòte  
Pwopriyete ki nan Katye Yo***

Jodi a Gouvènè Cuomo te anonse moun New York kapab rapòte pwopriyete vid ak abandone ki nan kominote yo avèk liy dirèk nan Depatman Sèvis Finansye Eta New York. Nan lejislasyon tounèf Gouvènè Cuomo te siyen [semèn pase](#) pou evite sezi-ipotèk epi pou metrize menas ki reprezante nan kominote yo avèk “pwopriyete zonbi” nan eta a, DFS ap konsève yon rejis elektwonik pwopriyete ki vid ak abandone. Nou ankouraje moun New York yo pou yo mande enfòmasyon sou pwopriyete ki vid ak mal antreteni nan katye yo. Si yon pwopriyete pa deja nan rejis leta, DFS ap idantifye ajans rekouvremant ipotèk la pou fasilite aksyon solisyon apwopriye jan sa endike nan lejislasyon an.

**Gouvènè Cuomo di konsa**, “Kay abandone yo bese valè pwopriyete ki nan zòn yo, epi tank yo pran plis tan pou deperi tank konsekans ki afekte tout kominote yo ap pi grav. Liy dirèk sa a ap ba moun New York yo dwa pou yo pwoteje Rèv Ameriken yo, pran katye yo ankò epi asire pwopriyete yo modènize, repare ak okipe.”

**Pwokirè Jeneral New York Eric T. Schneiderman di konsa**, “Liy dirèk sa a pral ede lokalite yo rezoud flewo kay abandone yo, ki desann valè pwopriyete yo epi ki kreye kondisyon danjere nan Eta New York. Liy dirèk la bay plis fòs nan lejislasyon yo fèk adopte konsènan kay zonbi, pou fasilite konfòmite ak yon chemen pou rezoud kriz ki t ap kontinye depi anpil ane apre kriz mache lojman an te frape. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo, Senatè Klein, ak Manm Asanble Weinstein poutèt yo asosye avèk biwo mwen nan efò sa a, epi poutèt yo fè pwoblèm kritik sa a vin yon priyorite.”

**Sipè-Entandan Finansye Maria T. Vullo di konsa**, “DFS pare pou travay avèk moun New York k ap viv nan kominote ki afekte avèk pwopriyete lib ak abandone yo pa antreteni yo. Rejis la se yon zouti pisan pou pwopriyete kay yo ak ofisyèl lokal yo epi nou ankouraje tout moun New York k ap viv toupri pwopriyete “zonbi” yo pou yo rele DFS yon fason pou nou kapab fè aksyon apwopriye epi pou asire moun ki responsab yo

pran responsablite yo.”

**Dirijan Konferans Demokratik Endepandan Sena a, Jeffrey Klein, di konsa,** "Si ou wè yon pwopriyete vid nan katye ou, pran telefòn ou epi rapòte sa. Nouvo zouti gratis sa a ak rejis sou entènèt sa a pral swiv anpil ak yon pakèt pwopriyete zonbi nan eta nou a, epi n ap asire Depatman Sèvis Finansye kapab fè aksyon lè li nesèsè. Mwen t ap batay di pou fè lwa sa a fè bank yo responsab pou pwopriyete zonbi ki bloke nan sikui legal sezi-ipotèk vin yon reyalite epitou mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt aksyon enpòtan sa a. Okenn kominote pa ta dwe gen kay ki mal antreteni ladan yo avèk fenèt kraze, fasad k ap tonbe ak pòt ki pa take.”

Nouvo rejis la ak liy dirèk la se pati anpil dispozisyon ki pral ede evite moun yo pèdi kay yo epi k ap rezoud pwoblèm pwopriyete ki vid epi ki mal antreteni, ki baze sou rapòtaj volontè, estime a apeprè 6,000. Daprè nouvo lwa a, rapò vin obligatwa kounye a, epi yo prevwa kantite kay abandone yo dwe plis toujou. Moun New York kapab kontakte Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) nan nimewo (800) 342-3736 oswa sou sitwèb [www.dfs.ny.gov](http://www.dfs.ny.gov).

## **LÒT PWOGRAM POU BATAY KONT PWOPRIYETE ZONBI**

Lejislasyon kont “pwopriyete zonbi” yo gen ladan tou mezi pou ede mèt kay yo jere sezi-ipotèk yo, amelyore efikasite ak onètete konferans obligatwa pou aranjman, epi kreye yon responsablite anvan sezi-ipotèk pou ede moun ki gen ipotèk yo, kreye yon pwosesis sezi-ipotèk rapid pou kab vid ak abandone yo, kreye yon rejis elektwonik kay lib, epi kreye yon Deklarasyon Dwa Konsomatè.

Answit, Bidjè Ane Fiskal 2017 la investi prèske \$20 milya dola pou plan aksyon jeneral pou lojman ak sitiyasyon sanzabri eta a. Nan senk ane ki pral vini yo, inisyativ \$10 milya pou lojman an pral kreye ak pwoteje 100,000 inite lojman nan mezi pòch moun toupatou nan eta, epi plan dakasyon \$10 milya pou pwoblèm sanzabri a pral kreye 6,000 nouvo kabann lojman sipò, 1,000 kabann ijans, ak divès kalite sèvis pi devlope pou pwoblèm sanzabri.

Nan kad efò san rete Gouvènè a ap fè pou ede moun ki pral achte kay alavni ak moun ki deja pwopriyete kay, investisman sa a gen ladan plis pase 100 milyon dola fon ki disponib pou ede nouvo moun k ap achte kay yo pou achte ak remete pwopriyete "Zonbi" yo tankou tounèf ak bay sipò pou moun ki deja pwopriyete kay ki gen revni fèb ak revni mwayen pou fè gwo reparasyon ak remete kay tankou tounèf. Finansman disponib grasa New York State Homes and Community Renewal pou mete anplas Pwogram pou Remanbre Katye yo (Neighborhood Revitalization Program) epi bay sibvansyon pou òganizasyon ki pa nan fè pwofi yo ansanm avèk minisipalite yo toupatou nan eta a pou remete nan bon eta, repare ak amelyore kay yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418